

MATERI

TEKS PAWARTA

A. Pangerten Pawarta

Pawarta yaiku Informasi anyar utawa informasi ngenani sawijining prastawa kang dumadi, diwartakake lumantar wujud medhia cetak, siaran, internet, utawa pirembungan marang wong liya.

B. Unsur Pawarta

Ana ing Pawarta utawa Pawarta duweni unsur 5W+1H, yaiku :

1. *What* (Apa) tegese Pawarta kuwi martakake kedadean apa ?
(Peristiwa apa yang terjadi)
2. *Where* (Ana Ngendi) tegese kedadean kang ana ing pawarta kasebut kedadeane ana ing ngendi. (Tempat Terjadinya Peristiwa).
3. *When* (Kapan) Tegese Kapan prastawa/kedadean kasebut dumadi.
(Kapan, waktu terjadinya peristiwa).
4. *Why* (Kenangapa) Tegese Kenangapa kedadeyan kasebut bisa dumadi, sebabe apa. (Sebab terjadinya Peristiwa).
5. *Who* (Sapa) Sapa bae paraga/wong kang ana ing kedadeyan kasebut. (Siapa saja orang yang terlibat dalam kejadian tersebut).
6. *How* (Kepiye) Kapiye kedadean kasebut dumadi. (Bagaimana peristiwa tersebut bisa terjadi).


C. Sifat Pawarta

Sifat-sifat kang ana pawarta supaya dadi pawarta sing apik yaiku :

1. Aktual : Bab-bab kang anyar luwih becik tinimbang pawarta lawas.
2. Adoh/Cedhak. : Pamaos luwih nggatekake tumrap prastawa kang dumadi ing sakiwa tengene tinimbang pawarta saka papan liyane.
3. Wigati (Penting) : Sawijining bab bakal dadi pawarta yen dianggpe perangan kang penting, amarga bisa ngendhaleni panguripan ing bebrayan agung.
4. Akibat : Sawijing bab dadi pawarta yen ndadekake ngowahi kahanan.
5. Congkrah/Konflik : Pamaos luwih seneng nyetitekake pawarta kang surasane cecongkahan.

D. Etika Nulis Pawarta

1. Objektif : Ing babagan iki panulis ora kena martakake pawarta dikantheni kepentingan pribadhi lan sponsor
2. *Cover Both Side* : Pawarta kudu seimbang, aja abot sisih, luwih-luwih nyebutake pihak-pihak kang ana sesambungan langsung karo pawarta kasebut.



Kirang langkung 30 kesenian saking pinten-pinten dhaerah ing Jawa Tengah lan Yogyakarta sumadya ngramekaken “Taman Budaya Jawa Tengah” utawi “Taman Budaya Surakarta” Solo ing adicara panggung seni seribu bunga ingkang kawiwitan dina setu (24/1) ngantos dumugi dinten Jumah (30 Adicara menika dipungelar dinas pendidikan kabudayan Provinsi Jawa Tengah ingkang ngemonah TBS Solo. Sedaya kesenian dening 30 pepanthan kesenian saking tlatah Jawa Tengah lan Yogyakarta saged dipunpirsani warga kanthi lelahan/gratis, miturut ketua Bidang Pengembangan Seni TBS Solo. Pagelaran panggung seni 1000 bunga ancaspun badhe kagelar saben taun kawiwitan taun menika.

1. Irah-irahan ingkang trep kangge njengkepi pawarta ing nginggil menika..
 - a. Panggung seni seribu bunga ing TBS
 - b. B. Pagelaran ing TBS
 - c. C. Kesenian ing TBS
 - d. D. Taman Bunga Jawa Tengah
2. Manut pawarta ing nginggil menika, TBS menika singkatan saking Taman Budaya....
 - a. Solo
 - b. Surakarta
 - c. Sleman
 - d. Klaten
3. Dipunwiwiti tanggal pinten adicara Panggung Seni Seribu menika
 - a. 28 Januari

- b. 24 Januari
- c. 19 januari
- d. 10 januari

4. Adicara menika dipungelar dening...

- a. Dinas pendidikan dan kebudayaan
- b. Dinas kesehatan
- c. Dinas sosial
- d. Dinas kesenian

5. Sedaya kesenian dening 30 pepanthan kesenian saking tlatah Jawa Tengah lan Yogyakarta saged dipunpirsani warga kanthi...

- a. Gratis
- b. Bayar
- c. Sewa
- d. Cicil

6. Teks kanggo soal nomer 6-10

Korban séda kecelakaan bis rombongan siswa SMK Lingga Kencana Depok ing dalan raya Desa Palasari, Kecamatan Ciater, Subang, Jawa Barat, dinten Sabtu (11/5/2024), mundhak dados 11 tiyang. Kasi Humas Polres Subang AKP Yusman ngaturaken, rumiyinipun, bis bernomor polisi AD 7524 OG punika mlajeng saking arah Bandung dhateng Subang, kirang langkung jam 18.45 WIB. Nalikanipun ngliwati dalan menurun, bis dumadakan oleng dhateng tengen

dumugi nyabrang jalur ngelawan dumugi nabrak mobil Feroza bernomor polisi D 1455 VCD. Sasampunipun nabrak Feroza, bis terguling. Posisi ban kiwa wonten ing luhur, lajeng bis tergelincir dumugi nabrak tigang sepeda motor ingkang diparkir wonten ing bahu dalan. Bis mandheg sasampunipun nabrak tiang listrik ing bahu dalan. Penumpang bis sami berserakan wonten ing dalan. Kecelakaan punika nyebabaken 11 tiyang séda ingkang kapérang saking 9 siswa, 1 guru, lan 1 warga lokal. Kangge korban ingkang séda, dipunbekta dhateng RSUD Ciereng, Kabupaten Subang. "Kangge korban ingkang tatu abot wonten 27 tiyang, tatu sedheng kirang langkung 13 tiyang," ngendikan Kadinkes Kabupaten Subang, Maxy, nalika dipun konfirmasi, dinten Sabtu, kados ingkang dipun cuplik saking Antara.

Irah-irahan kang trep kanggo berita ing nginggil yaiku...

- a. Kecelakaan bus SMK Lingga Kencana, Depok.
- b. Kecelakaan mobil freoza
- c. Kecelakaan motor
- d. Kecelakaan mobi

7. Kecelakaan kasebut dumadi ing dinten...

- a. Senin
- b. Selasa
- c. Rabu

d. Sabtu

8. Kecelakaan kasebut dumadi ing...

a. Depok

b. Karawang

c. Subang

d. Bekasi

9. Korban tatu abot ing kecelakaan kasebut yaiku ana...

a. 19

b. 20

c. 15

d. 27

10. Kecelakaan kasebut dumadi amarga...

a. Bus oleng nalikanipun ngliwati dalan menurun

b. Rem bus blong

c. Rem motor blong

d. Bus nabrak motor